QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIM VAZIRLIGI

Nókis q. A.Dosnazarov k. 62 úy, 0 (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 222-98-30
**web-site:** http://kkedu.uz, **e-mail:** qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

19-апрель 2021 ж /й 03-04/01-1972-санлы

**Қараөзек районы Халық билимлендириў бөлими баслығы Д.Изетуллаевқа**

Сизиң 2021-жыл 18-март күнги №01-01/01-210-санлы хатыңызда Қараөзек районы "Бердақ" АПЖ аймағында жайласқан №6 мектеп имаратында өткерилген реконструкция жумыслары жуўмақланғанлығына байланыслы, мәмлекетлик қабыллаў комиссиясының қурылысы жуўмақланған объектлерди пайдаланыўға бериўи бойынша 2020-жыл 15-октябрьдеги №7-01-01/15-20-санлы актке тийкар, 2021-жыл 23-январь күнги №34/1-1-санлы район ҳәкиминиң қарарына менен пайдаланыўға тапсырылған, Соның менен бирге 2021-жыл 12-март күни Жер дүзиў ҳәм көшпес мүлик кадастры мәмлекетлик кәрханасы Қараөзек районы филиалы тәрепинен ҮК-1735211/528617-санлы кадастр паспорты берилгенлиги, усыларды есапқа алған ҳалда №6 мектептиң штат кестеси ҳәм қәрежетлер сметасына өзгерис киритиўине әмелий жәрдем берилиўи соралған.

Бул бойынша, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2019-жыл 28-декабрьдеги *"Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги дизиминдеги улыўма билимлендириў мекемелерин басқарыў, техник, хызмет көрсетиўши ҳәм оқыў-жәрдемши хызметкерлериниң үлгидеги штатларын тастыйықлаў ҳаққында"*ғы 406-санлы буйрығы ҳәм оның 1-қосымшасына муўапық штат бирликлерин белгиленген норматив ҳүжжетлер тийкарында киргизилиўи көрсетилген.

Сондай-ақ, Өзбекстан Республикасы Финанс министрлигиниң 2014-жыл 14-ноябрь күнги №74 буйрығы менен тастыйықланған Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигинде 2014-жыл 15-декабрь күни №2634-сан менен дизимге алынған *"Бюджет мәкемелери ҳәм бюджет қаржыларын алыўшылардың қәрежетлер сметасы ҳәм штат кестелерин дүзиў, тастыйықлаў ҳәмде дизимнен өткериў тәртиби ҳаққында"*ғы Нызам талапларына сәйкес дүзилиўи керек екенлиги белгиленген.

Жоқарыдағыларды инабатқа алып, Сизге үнемленген бюджет қаржылары есабынан ҳәмде ишки имканиятлардан келип шыққан ҳалда нызам ҳүжжетлери тийкарында Қараөзек районы №6 мектепке тийисли болған сипсекеш 1,25 штат бирлигин ашыў ушын мумкин екенлигин мәлим етип билдиремиз.

**Министр орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

*Орынлаўшы:Т.Утепов*
*Тел: (861) 222-92-63*